Казбек районалъул газета

# Чапар

Вестник

12+ № 41 (98944) 22 октябрь 2021 с. / Рузман 15 РабигІул - аввал 1443 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Аппараталъул данделъиялда...



Нилъеда лъала, ахирияб заманалда Россиялъул бакІ-бакІазда цІалул гІуцІабазда кколел ругел такъсириял ишал. Дагьал церегІан къояз МахІачхъала шагьаралъул цо школалдаги ккана такъсирияб иш ва, гьелъул хІасилалда, 10 классалъул цІалдохъан гІумруялдаса ватІалъана.

*«Унтилалде къай бетІер»*,-ан умумузул аби буго. Киналго лъугьунел ругел тІадехун рехсарал хІужаби хІисабалдеги росун, нилъер районалъе нухмалъулез кІудияб кІвар буссинабулеб буго районалъул цІалул гІуцІабазда такъсирал риччангутІиялде. Районалъул бетІер ХІ.ХІ. Мусаевас щибаб данделъиялда ракІалде щвезабула лъималазул хІинкъигьечІолъи цІуни цере чІарал масъалабазул аслияблъун букІин.

Гьале, 19 октябралда районалъул администрациялда тІобитІана лъималазул хІинкъигьечІолъи чІезабиялда хурхараб хасаб данделъи. Гьенир гІахьаллъана районалъул бетІер ХІ.ХІ. Мусаев, гьесул заместителал, отделазул начальникал, росабазул администрациябазул бутІрул, РУОялъул начальник, школазул директорзаби ва лъайкьеялъул гІуцІабазда рехсараб суал жидеде кколел жавабиял хІалтІухъаби.

Данделъиги рагьун, ХІ. Мусаевас абуна: *«Лъайгун тарбия кьеялъул гІуцІабазда лъималазул сахлъигун хІинкъигьечІолъи чІезари ккола гьеб жидеде кколезда цере чІарал масъалабазул бищунго кІвар цІикІкІараблъун»*,-ан.

ЦІалул гІуцІабазда хІинкъигьечІолъи чІезабиялъул суалалда сверухъ гьабулеб бугеб хІалтІул гьениб бицана районалъул бетІерасул заместитель Б. Нуцаловас.

Гьесул рагІабазда рекъон, халгьабун буго районалъул лъайгун тарбия кьеялъул 9 гІуцІиялда бугеб ахІвал-хІалалъул. Гьеб хал гьабиялда тІатун руго гІезегІанго гІунгутІаби.

Гьес абуна: *«2020-2021 соназ лъималазе хІинкъигьечІолъи букІинабиялъе районалъул администрациялъ биччан буго 10 млн. гъурщидаса цІикІкІараб къадар гІарцул, гьелъ, районалъул администрациялъул ва умумузул ихтияр буго букІине кколеб къагІидаялда гьеб суал рукІалиде ккезаби тІалаб гьабизе»*,-ян.

Данделъиялъул хІасил гьабулеб кІалъаялда ХІ. Мусаевас абуна: *«ЦІалул гІуцІабазда, лъималазул хІинкъигьечІолъи букІинаби мурадалда, районалъул администрациялъ гІезегІанаб хІалтІи гьабуна. Гьелда рекъон, лъайкьеялъул гІуцІабазе нухмалъулездаса, гьеб суал жидеде кколел хІалтІухъабаздаса тІалаб гьабизе буго, букІине кколеб къагІидаялда, хІалтІи гьаби. Гьеб суал букІина нижер кидагосеб халкквеялда ва гьелъул бицен гьабизе буго щибаб кварталалда»*,-ян.

**М.-Ш. ГІАБДУЛАШИМОВ**

## С.А. МЕЛИКОВАСДА БАРКАНА



14 октябралда тІобитІараб Дагъистан республикаялъул Халкъияб Собраниялъул сессиялда Дагъистаналъул бетІерлъун Сергей Алимович Меликов вищана.

Гьелда хурхун, «Казбек район» муниципалияб гІуцІиялъул бетІер ХІ.ХІ. Мусаевас, районалъул гІадамазул рахъалдасан, Сергей Меликовасда гьеб тІадегІанаб хъулухъалде вищи баркана.

Баркиялда абулеб буго: *«Республикаялъул бетІерасул ишал тІуралеб заманалда мун халкъалъул божилъиялъе ва адаб-хІурматалъе мустахІикълъана. Республикаялъул социалиябгун экономикияб рахъал церетІезариялъе, батІи-батІиял миллатазул ва диналъул гІадамал цолъизариялъе дуца гІемераб хІалтІи гьабуна.*

*Республикаялъул экономика ва халкъалъул гІумру лъикІлъизабиялъе гьабулеб хІалтІулъ гьарула дуе щулияб сахлъи ва чІахІиял церетІеял хІурматгун ХІ. ХІ. МУСАЕВ».*

## Нилъер район - тІоцебесеб бакІалда

Дагъистаналъул бетІер Сергей Меликовасул Указалда рекъон, ва 2020 соналъ рихьизарурал лъикІал хІасилал хІисабалдеги росун, мугІрузда церехунисел районазда гьоркьоб нилъер район тІоцебесеб бакІ босараблъун бихьизабуна. Гьелъухъ район мустахІикълъана республикаялъул бюджеталдаса биччараб гранталъе, ва гьеб ккола 1 млн. 964 азарго гъурущ.

**Пресслужба**

## ТІолгороссиялъул переписалда хурхун...



Нижеца «Чапар» газеталъул цо чанго номералда хъван букІана 2020 соналда ТІолгороссиялъул хъвай-хъвай тІобитІизе букІиналъулгун гьелда гьоркьор ругел цІиял къагІидабазул хІакъалъулъ. Амма коронавирус унти баккиялда бан, гьеб кІвар цІикІкІараб кампания чанго нухалда нахъ бахъизе ккана. Ахирги къотІи ккана гьеб гьаб соналъул 15 октябралдаса 14 ноябралде щвезегІан тІобитІизе.

Районалда хъвай-хъвай гьабиялда хурхун, районалъул бетІерасул заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда, 14 октябралда районалъул администрациялда тІобитІараб данделъиялда гІахьаллъана Дагъистаналъул статистикаялъул нилъер районалда вугев бетІерав специалист-эксперт ГІалибег Садыкъаев.

И. Шабазовас жиндирго кІалъаялда тІадчІей гьабуна ковидалде данде чІеялъул киналниги къагІидаби цІунизе тІадаб букІиналда ва хъвай-хъвай гьабулезе хІажатал шартІал чІезариялда.

ГІ. Садыкъаевас данделъаразе бицана хъвай-хъвай гьабиялъул ва гьелъулъ ругел цІиял къагІидабазул хІакъалъулъ.

**Д. ГІАБДУЛАХІИТОВА**

## Вакцинация унеб буго




Нилъер районалда тІадбан унеб буго короновирусалде данде вакцинация гьабиялъул кампания. 20 октябралда ругел баяназда рекъон, кинабниги районалда вакцинация 6288 чияс гьабун буго. Гьелъие хІалтІизабулеб буго «Гам-Ковид-Вак», «Эпивак Корона» ва «Спутник Лайт» «Гам-Ковид-Вак» вакцина гьабун буго 5276 чиясе, «Спутник-Лайт» - 1500 – ялде бахараб къадаралъе.

Гьаб номералда нужеца цІализе бегьула

гъум. 2 Балугълъиялда рахинчІезул комиссиялда...

гъум. 3 Вацлъиялъулаб футболалъул лига къана

гъум. 4 ОМВД информирует...

**10 октябрь-росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул Къо**

# Чуял рекеризе риччаялъул ва спорталъул миллиял тайпабазул къецазда...

Лъалеб букIахъе, гIадатлъун лъугьун буго кIудиял байрамазе берцинлъи кьеялъе культураялъул ва спорталъул хIалтIухъабаз батIи-батIиял тадбирал тIоритIи.

Нилъер районалда гьел тадбиразул аслияллъун рикIкIуна чуял рекеризе риччай, спорталъул миллиял тайпабазда хурхарал къецал, концертал тIоритIи.

Гьедин букIине кколаан 10 октябралда росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул Къо кIодо гьабиялъул байрамалдаги, амма гьава-бакъалъул рекъей гьечIолъиялъул хIасилалда, **«Архъабаш»** участокалда тIоритIизе рукIарал тадбиразул программаялъул хиса-басиял гьаризе ккана.

Гьедин, ярмарка Дилималда тIобитIана, чуял рекеризе риччаялъулгун спортивиял къецал нахъ рахъун рукIана.

Гьале, рехсарал къецал тIоритIиялъе рес щвана, ва гьел 14 октябралда тIоритIана.

Нахъ бахъизе кканиги, гьеб къоялъ чуял рекеризе риччаялъухъ ва спортивиял къецал тIоритIиялъухъ балагьизе рачIарал гIадамазул къадар цIикIкIараб букIана.

Цо гьелъ бицуна нилъер гIадамазул гьединал тадбираздехун бугеб бербалагьи цебе букIаралдаса нахъе ккун гьечIеблъи.

Чуязул къадар цIикIкIараб букIиналде балагьун (40-ялдаса цIикIкIун), гьел рикьун рукIана кIиго бутIаялде (кIиго сон тIубачIел ва гьездаса чIахIиял чуял).

КIиго сон тIубачIелги рикьизе ккана кIиго къокъаялде ва гьел, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул хасаб призалъе гIоло, 1200 метралъ рекеризе риччана. Цоабилеб къокъаялъул чуязда гьоркьоб чIел босана Шамиль ХIажиевасул (п. Манас) чуялъ, кIиабилеблъун бачIана МухIамад МухIамадовасул чу (Гельбахъ) ва лъабабилеблъун - Айдимир Алункачовасул чу (Хасавюрт).



КIиабилеб къокъаялда рекерарал чуязул гьадинаб хIасил ккана: тIоцебесеб бакIалде бачIана Юсуб Вахаевасул чу, кIиабилеб бакI босана Бувайсар Эдиевасул чуялъ (Чечня) ва лъабабилеб бакIалъе МухIамадхIабиб Маликов (Гельбахъ) бетIергьанаб чу Гельбахъ) мустахIикълъана.

Гьединго, кIиго къокъаялде рикьизе ккана лъабго ва гьелдаса тIаде сонал ругел чуялги. Гьезул цоабилеб къокъа 2400 метралъ бекеризе биччана. Гьеб рекериялда тIоцебесеб бакIалде бачIана Абубакар Камаловасул чу (Гьизилюрт), кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Э. Халуевасул чу (Чечня) ва лъабабилеб бакI босана Раджаб АхIмадовасул чуялъ (Дилим). ТIадехун рехсарал чуязул кIиабилеб къокъа 3600 метралъ бекеризе биччана. Гьениб тIоцебесеблъун бачIана Б. Эдиевасул, кIиабилеблъун - Дилималдаса Мажид МухIамадовасул ва лъабабилеблъун - МахIачхъалаялдаса **«Зебра»** клубалъул чуял.

ЧIаралъусан кIанцIиялда тIоцебесеб бакIалде Алмахъалдаса Марат Сираждинов вачIана, кIиабилеб бакI Калининаулалдаса АхIмад Этуевас босана ва лъабабилеб бакIалъе Дилималдаса Мурадис ХIамидов мустахIикълъана.

3000 метралъ рекериялда тIоцебесеб бакI Карабудахкенталдаса Нурис- лам Залимхановасе щвана, кIиабилеб бакIалде Бабаюрталдаса Камалдин Исрапилов вачIана ва лъабабилеб бакIалъе Гуниялдаса Муслим Гъайирбегов мустахIикълъана.



ГамачI рехиялъул къецазда Дилималдаса Тимур Билаловасде вахарав чи лъугьинчIо, кIиабилевлъун гьенив гьебго росулъа Муслим ХIажиев вахъана ва лъабабилеб бакIалде Хасавюрталдаса Маматхан Къадыров вачIана.

Призалъулал бакIал росарал чуязул бетIергьабазе, къецазда гIахьаллъаразе, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул рахъалдасан, гьенир кьуна кубокал, медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал. Гьеб байрам гIуцIиялда нухда иналъе гIарцулаб кумек гьабуна – **«Бергьенлъи»**, **«ЦIияб гIумру»**, **«Гертма»**, **«БагIараб Октябрь»**, **«Гьудуллъи»** СПКязе, **«Дылымское»** ГУПалъе, **«Дилим»** АСПялъе, **ва «с-з Алмакский»**, ОООялъе нухмалъулез.

Гьел кьеялъулъ гIахьаллъана - ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. Гьирисханов, И. Шабазов, З. Эмеев, рагъулгун захIматалъул ветеранлзул Советалъул председатель Х. МухIамадхIабибов, депутат А. МухIамадов ва гь. ц.

**НИЖЕР МУХБИР**

# Балугълъиялде рахинчIезул комиссиялда...



Лъала, ахирияб заманалда балугълъиялде рахинчIел лъимал квешал пишабазде ругьунлъиялъул, гьез такъсирияб ишал гьариялъул хIужаби цIикIкIунел рукIин. Узухъда, гьеб цIакъ лъикI лъала нилъер районалъул нухмалъиялда ва тIадехун рехсарал гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабизе жидеда тIадазда. Гьелъин гьез гьоркьобкъотIи гьечIел батIи-батIиял тадбиралги тIоритIулел ругел.

Гьелда хурхун, 14 октябралда районалъул администрациялда тIобитIана балугълъиялде рахинчIезул ишазул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи. И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда хал гьабуна лъимал гьоркьоре кколел автоавариябаз дагьлъизариялда тIад ГИБДДялъулгун лъайкьеялъул учреждениябаз гьабулеб хIалтIиялда, лъимал лъайкьеялъул гIуцIабазде рачIинаризе ккеялда, гьез лъай босиялъе квербакъуларел эбел-эмен яги гьел хисулел тамихIалде цIаялда хурхарал суалазул.

ГИБДДялъ гьабулеб бугеб хIалтIиялъул гьениб бицана ОГИБДДялъулгун ДПСалъул инспектор ЖабрагIил МухIамадовас. Гьес къокъгьабун баян кьуна жидер хIалтIухъабаз лъайкьеялъул идарабазда цадахъ лъимал гIахьалал автоавариябиi риччангутIиялда сверухъ гьабулеб бугеб хIалтIул.

Гьес абуна: *«Руго хIужаби цIалдохъаби школалдегун нахъе раччулеб автотранспорт хIалтIизабиялъулъ гIадлу-низам биххиялъул. Гьединал хIужаби нижеца тIатинарула ва гьел такрарлъунгутIиялда тIад хIалтIула»*, - ян.

*Инспекторас кьурал баяназухъги гIинтIамун, И. Шабазовас абуна: «Лъайкьеялъул Управлениялъ кIудияб кIвар буссинабизе ккола лъимал раччулеб автотранспорт кколеб къагIидаялда хьвадизабиялде . Лъайкьеялъул гIуцIабазда тIадаб буго транспорт хьвадизабиялъулъ тасамахIлъи биччангутIиялда тIад хIалтIизе. Лъимал авариязде ккунгутIи мурадалда, тIоритIизе ккела ГИБДДялъул хIалтIухъабигун цIалдохъабазул дандчIвеял, умумузул собраниял ва цогидалги тадбирал. Гьеб рахъалъ законалда рехсарал тIалабал, кьури гьечIого, тIуразе ккола»*, - ян.

Лъималаз лъай босиялда сверухъ гьабулеб хIалтIул гьениб бицана лъайкьеялъул Управлениялъул начальникасул заместитель ГIабдулмуслим Закарьяевас. Гьесул рагIабазда рекъон, балугълъиялде рахинчIезда гьоркьор цIалул гIуцIабазде хьвадуларел гьечIо.

ПДНалъул инспектор Исламудин ГIисаевас бицана лъимал лъай босиялде ритIуларел 2 умумузда тIад протоколал гьарунилан.

ТIадехун рехсарал гIадлу- низам биххиялъул хIужаби риччарал гIадамал тамихIалде цIана ва гьезда тIад гIакIа къотIана.

**М.- Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

# По инициативе главы района...

По инициативе Главы МР **«Казбековский район»** Гаджимурада Мусаева и при поддержке министерства по национальной политике РД учащиеся Ленинаульской школы №1 выезжали на экскурсию в Махачкалу. Увлекательная экскурсия организована в рамках мероприятий муниципальной программы **«Реализация государственной национальной политики в РД 2021-2025 годы»**.



Это не первый выезд учащихся ЛСШ №1. В 2019 году, по предложению главы района, ребята выезжали в Грозный. В составе группы были учащиеся (аварцы и чеченцы) школы. Подобные экскурсии являются стимулом для хорошей учёбы и поведения детей.

Ребята, педагоги и сопровождающие побывали на бархане Сарыкум, в музее **«Россия – Моя история»** и в планетарии. **«Сохранение межнационального мира и согласия в нашей многонациональной республике — главная задача властей всех уровней»** считает глава муниципалитета Гаджимурад Мусаев. Именно поэтому наша администрация уделяет большое внимание работе по укреплению дружбы между народами, компактно проживающими в поселениях. **«Уверен в том, что планомерная работа с подрастающим поколением в этом плане станет наиболее результативной. Дети получили незабываемые совместные впечатления во время экскурсии, память о которой они пронесут через всю жизнь»,-** сказал Мусаев.

Он подчеркнул, что практика проведения подобных мероприятий будет продолжена. Уже в ближайшее время на экскурсию поедут дети еще одной интернациональной школы – Калининаульской СОШ.

**ПРЕССЛУЖБА**

## ЖамагIаталъул вакилзабигун дандчIвай



15 октябралда районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаев Дилим росдал жамагIаталъул вакилзабигун дандчIвана. ХалгъабиялдебосунбукIана росдал гIадамазе минаби разе бакIал кьеялда хурхараб суал. Районалъул бетIерас вакилзабазда абуна: *«Рехсараб суал республикаялъе нухмалъулезда цебе лъун буго ва, гьелда хурхун, росулъе хасаб комиссии бачIун букIана. Гьеб комиссиялъ тIаса бищизе бегьулин бихьизабуна росдада сверухъ ругел ракьал («Юрт», «Ор» ва «Халатала» участокал). Гьел предложениял росдал администрациялде кьун руго.*

*Жакъа къоялдеги гьеб суалалда тIасан росдал жамагIаталъулги администрациялъулги чIван къотIараб цо пикру гьечIо.*

*Гьел цогояб пикруялде рачIинчIони, республикаялъе нухмалезда цебе гьеб суал лъезе нижее захIмалъул. Жакъайин абуни, гьеб суалалда сверухъ 3-4 батIи-батIияб пикру буго. Цоги, нужго лъикIал лъугьун, ракьал рикьиялъул хIужаби риччазе гьечIо. ЛъикIаб букIина нуж цо пикруялде рачIани. Гьелъ рес кьезе буго ракьал кьеялъул суал бетIералде бахъинабизе»,*-ян.

**НИЖЕР МУХБИР**

## Вацлъиялъулаб футболалъул лига къана

16 октябралда Ленинаул росдал **«Алмахъ-арена» байданалда тIобитIана «Вацлъиялъулаб футболалъул лига»** къаялда хурхараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана – **«Казбек район»** муниципалиияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. МухIамадов, Ленинаул ва Алмахъ росабазул администрациябазул бутIрул, спорталъул ветеранал ва футбол бокьулел.



Данделъиги рагьун ХI. Мусаевас абуна: **«Нилъ рохизе бегьула ахирияб заманалда футбол хIаялъулъ нилъер гIолохъабазул церетIеяздаса. Гьаб лигаялда хIалел командабазда гьоркьоргьи лъикIал футболистал руго.**

**Баркула киназдаго лига къай, баркала буго гьаб тадбир гIуцIаразе ва киналго гьелъулъ гIахьаллъаразе»**-ян.

Гьениб ХI. Мусаевас, районалъул администрациялъул рахъалдасан, Баркалаялъул кагътал кьуна лига гIуцIиялъул комитеталъул членазе.

ТIолалго хIаязул хIасил гьабун хадуб, баянлъана тIоцIебесеб бакI **«Орлы»** командаялъ босараблъи, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазе **«Братство» ва «Ураган»** командаби мустахIикълъараллъи.

33- ялдаса цIикIкIарал сонал ругел футболистазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана **«Оргкомитет»** командаялъ, кIиабилебгун лъабабилеб бакIазде рачIана **«Аваристан»** ва **«Аякс»** командаби.

Гьенир рехсана футбол хIаялъулъ тIокIлъи бихьизабурал футболисталги. Гьел ккола: Ислам ГъойбатировHere (вратарь), ГIабдула Жамалдинов (защитник), Адам МухIамадов (нападающий), Закир Салисгереев (бомбардир), Тимур ГIабдулаев (лучший игрок) ва ХIасан Эсуев (ассистент).

Призалъулал бакIал росарал командабазе, лъикI хIарал футболистазе гьенир кьуна кубокал, медалал ва грамотаби.

**НИЖЕР МУХБИР**

*ДАССРалъе- 100 сон*

## «Дирго ракь искусствоялдалъун кIодо гьабула» конкурс

Нилъер районалъул цIалдохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул даражаялда тIоритIулел батIи-батIиял конкурсазда ва гьез гьенир призалъулал бакIалги росула. Араб соналъ гьединал хIужаби гIезегIанго рукIана ва гьезул хIакъалъулъ нижеца хъванги букIана.

Гьале, гьаб нухалдаги нилъер цIалдохъабаз бихьизабуна жал бажариги махщел бугеллъун рукIин.

Дагьал церегIан къояз МахIачхъала шагьаралда тIобитIана ДАССРалъе 100 сон тIубаялда хурхараб республикаялъул тIолалго искусствоялъул школаздаса цIалдохъаби гIахьаллъарал творческиял къецал. Гьезда гьоркьор рукIана нилъер искусствоялъул школалдаса цIалдохъабиги.




Къецал гIуцIун рукIана **«Живопись», «Аппликация»** ва **«Графика»** номинациябазда. Щибаб хIалтIиялда гIисинал гьунарчагIаз бихьизабуна гIагараб ракьалъул тарих, тIабигIат, гIадамал, цересел ва гьанжесел умумузул пишаби. Гьезул хIаракатлъе къимат кьезе жюриялъе цIакъ захIмат букIана, щай абуни, хIалтIаби гIезегIанго махщалида гьарун рукIун.

Жюриялъ лъикIаб къимат кьуна нилъер районалъул лъималазул творчествоялъе. Гьедин **«Аппликация»** номинациялда гьел мустахIикълъана тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIазе, **«Графикаялда»** гьезие кIиабилеб бакI щвана.

Гьел къецазулъ призалъулал бакIал росарал республикаялъул культураялъул министерствоялъул методикияб Централъ дипломаздалъун кIодо гьаруна.

**Д. БАТИЕВА**

## ГIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIулел руго



Нилъеда лъала ихдал ва хаслихъе нилъер улкаялда гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул кампаниязби тIоритIулел рукIин. Дун гьал къояз Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар А.Б. МухIамадовгун дандчIвана. Гьес бицана:

- Россиялъул рагъулаб министерствоялъул буюрухъалда рекъон, хаслихъе гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIи 1 октябралда байбихьана, **«Казбек» ва «Гумбет»** районаздайин абуни, 5 октябралда. Гьелда цебе нижеца росабазул рагъулаб хIисаб гьабиялъул столазул начальникалгун ва комиссиялде гьоркьоре унел медицинаялъул хIалтIухъабигун хIадурлъиялъул семинарал тIоритIана.

Тасдикъ гьабуна призывнияб комиссиялъул хIалтIул график ва рагъулаб хъулухъалде ахIулел гIолохъабахъе повесткаби щвезаруна. Коронавирусалдаса цIуниялъе хасал тадбирал гьарулел руго (пропусказул режим, термометрия, маскаби ххей, манзил цIуни, антисептик хIалтIизаби ва г ь. ц.)

Республикаялъул рагъулаб комиссариаталъул нарядалда рекъон, армиялде 70- гIанасев гIолилав витIизе бихьизабун буго. Аслияб къагIидаялда, гьез рагъулаб хъулухъ гьабизе буго ВДВялъул, ВКСалъул, Росгвардиялъул, ВМФалъул, маххул нухазул ва цогидалги аскаразда. ТIоцебесеб иргаялда, армиялде ахIизе руго рагъулаб хъулухъалъул ригь тIасан ине бегьулел, тIадегIанаб лъай бугел ва, военкоматалдасан ритIун, шофёрлъиялъе цIаларал гIолилал.

17 октябралда тIоцевесев 7 гIолилав рагъулаб хъулухъалде витIана.

**Н. ИДРИСОВ**

## Семинар–совещание тIобитIана

16 октябралда Алмахъалъул туристазулгун сахлъиялъул **«Алмахъ»** комплексалда тIобитIараб семинар-совещаниялда гIахьаллъана- районалъул бетIерасул заместитель И.И. Шабазов, РУОялъул начальник М.-р. МахIамаев, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъул председатель М.-а. Дадаев, финансазул отделалъул начальник Р. ХIажиев, физкультураялъулгун спорталъул туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник И. Булатханов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби. Гьединго, гьеб данделъиялда гIахьаллъана- **«МАН РД»** РЦДЮТК ГБУялъе нухмалъулев А.А. ХIайбулаев, гьебго гIуцIиялъул кадрабазул отделалъул начальник З.Г. ХIасанова, туризмалъул отделалъул начальник М.М. Гумаров, методистал: Н.Р. Агарагимо, С.Ш. ГIалибегова ва тIадеги лъайкьеялъул мугIалим Р. МухIамадов.

Гьеб данделъиялда бицен гьабуна тIадеги лъайкьеялъулъ кумек гьабиялъул, лъелгоябгун спортивияб туризмалъул, туристазул гIуцIабазул хIалтIул ва г ь. ц.

Данделъи ахиралде щвана семинар-совещаниялъул хIасилал гьариялдалъун.

**НИЖЕР МУХБИР**

Спорт - инсанасул сахлъи

# Эркенаб гугари



Дагъал церегIан къояз Шамиль районалъул Пурада росулъ тIоритIана гьеб районалдаса пачалихъияв хIаракатчи МухIамад АйламухIамадович МухIамадов ракIалде щвезавиялда хурхарал эркенаб гугариялъул къецал.

Республикаялъул шагьаразулгун районазул спортшколаздаса гьенир гIахьаллъарал ва 2006-2007 соназ гьарурал 130 спортсменазда гьоркьор рукIана нилъер М.-Ш. ГIазаевасул спортшколалдаса ДагъистаналъулI зоналиял къецазда призалъулал бакIал росарал гIолилалги.

Гьел къецазда АхIмад Улубиевас (цIайи 57 кг, тренер ГI.Качалаев) ва Пумар МухIамадовас (цIайи 32 кг, тренер Къ. Давурбегов), лъабабилел бакIал росана.

Республикаялъул даражалъул эркенаб гугариялъул къецал тIоритIана Каспийск шагьаралдаги. Гьенир гIахьаллъана М.-Ш. ГIазаевасул спортшколалдаса гугарухъабиги 2010-2011 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор тIоритIарал гьел къецазда тIоцебесеб бакIалде рачIана-Ражаб Памирилаев (52 кг), Ислам ва М-расул КъурахIмаевал (29 ва 24 кг).



КIиабилеб бакI гьениб щвана-Шамиль МухIамадовасе (24 кг.), Ибрагьим Мирзабековасе (30 кг), Бадрудин БолоцIилаевасе (41 кг.), Шамсудин Дагуевасе (45 кг) ва ХIабиб ХIамзалаевасе (47 кг).

Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана-МухIамад Давурбеков (26 кг), Асланбег Бибасханов (29кг), Камиль МухIамадов, МухIамад Висалгереев (32 кг), НугIман ГIалиев (35 кг), ХIасан Палиев (39 кг), МухIамад ПIазаев (44 кг.) ва АхIмад Султанбеков (57 кг).

# Волейбол



Дагъал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIоритIана 2006-2007 соназ гьарурал ясазда гьоркьор волейбол хIаялъул къецал. Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана М.-ш. ГIазаевасул спортшколалдаса ясалги. Каспийскалдаса, Хасавюрталдаса, АнсалтIаса, ЦIумадаса ва Болъихъа командабазда тIад бергьенлъиги босун, нилъер ясазул команда Дагъистаналъул чемпионлъун бахъана. Араб соналъги гьединалго къецазда нилъер ясаз тIоцебесеб бакI босун букIана.

РакI-ракIалъулаб баркала буго гьединал тадбиразе квербакъулев районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасе ва ясазул тренерал: Н. Алясаевалъе ва С. Гелакаевасе.

**Н. АЛИУКЪАЕВ**

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства по занятости населения в ГКУ РД «Центр занятости населения в муниципальном образовании «Казбековский район» (далее ЦЗН) в части назначения соответствующих выплат согласно Временным правилам регистрации граждан в целях поиска подходящей работы и в качестве безработных, а также осуществления социальных выплат гражданам, признанным в установленном порядке безработными утвержденных постановлением Правительства РФ от 08.04.2020 № 460.

В ходе проведения проверки установлено, что в ЦЗН района (16.07.2020) жителем села Дылым подано заявление в информационно-аналитической системе Общероссийская база вакансий «Работа в России» о признании его безработным и назначении выплаты пособия по безработице. 24.07.2020 г., в нарушение действующего законодательства, ЦЗН Казбековского района, не запросив сведений о страховом стаже и последнем месте работы, заявитель признан безработным с назначением соответствующего пособия.

В дальнейшем данный гражданин-получатель пособия, о своем трудоустройстве 01.10.2020 в ЦЗН не сообщил, кроме того, после получения соответствующей информации из Пенсионного фонда Российской Федерации о его трудоустройстве 12.11.2020 года своевременно достаточные меры для возврата выплаченных средств ЦЗН не приняты.

Аналогичные нарушения Временных правил выявлены при постановке на учет, выплате и возврате средств еще 29 гражданам.

По результатам проверки, прокуратурой района в адрес министра труда и социального развития Республики Дагестан внесено представление об устранении нарушений законодательства о занятости населения, по результатам рассмотрения которого, требования прокурора удовлетворены, выявленные нарушения устранены, принятыми мерами возвращено 159 000 рублей, по трем гражданам направлены исковые заявления об обязании вернуть денежные средства на общую сумму 51 000 рублей, которые удовлетворены.

# ОМВД ИНФОРМИРУЕТ...




**Уважаемые жители Казбековского района!**

В соответствии с Распоряжением МВД по Республике Дагестан от 10 марта 2021 года №1/1047, п. 5 приказа ОМВД России по Казбековскому району от 15 марта 2021 года №63 ***«О проведении Общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью»,*** в соответствии с пунктом 2.2.1 Плана основных организационных мероприятий МВД России на 2021 год, на территории нашего района, во взаимодействии с заинтересованными ведомствами и органами местного самоуправления, с 18 по 29 октября 2021 года, проводится 2-этап Общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью». Мероприятия Акции направлены на привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков, сбору и проверке оперативно-значимой информации, оказание квалифицированной помощи и консультации по вопросам лечения и реабилитации наркозависимых лиц.

В ОМВД введен телефон доверия (8999 418 87 59), позвонив на который можно проконсультироваться по вопросам правонарушений, а также сообщить о преступлениях и иных правонарушениях в сфере незаконного оборота наркотиков. Звонок анонимный.

# Объявление

Администрация пос.Дубки объявляет открытый конкурс по отбору УК (управляющей компании) по управлению МКД (многоквартирными домами) пос.Дубки в соответствии с ч.4.1 ст 161 ЖК РФ. ст 162 ЖК РФ.

Лъайкьеялъул Управлениялъул хIалтIухъабаз, Алмахъ росдал гьоркьохъеб школалъул коллективалъ ва районалъул авар мацIалъул мугIалимзабаз, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго лъималазда ва тIолалго гIага-божаразда

**Байгере Алгереев**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Заместитель:** Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** Н. Р. Идрисов, Д. К. Батиева, А. А. Дибирова
**Набор:** М. М. ХIайбаева
**Верстка:** М. А. АтавхIажиева, З. К. ГIабдулмуслимова

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж - 1205, багьа - эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**